



Gerry Leone
Komisè Gouvènman nan Middlesex



Vyolans seksyèl se youn nan chòk ki kapab bay yon timoun pi gwo twomatis ki genyen. Pifò timoun ki nan ka konsa yo pa pral di pèsonn kisa ki rive yo. Pou timoun ki pran kouraj pou pale yo, kriz la konn vin pi fò poutèt laperèz ak konfizyon yo santi chak fwa yo mande yo pale ankò avèk yon lòt moun sou vyolans lan.

Nan tan lontan, lè yon timoun te deside pale sou vyolans seksyèl li sibi – dizon yon timoun ki gen kat oubyen senk an – yo te konn poze l kesyon nan plizyè entèvyou separe pandan plizyè semenn, epi se te tout yon tralye pwofesyonèl k ap fè ankèt ki te konn mande l pale. Pou pote yon repons nan pwoblèm timoun sa yo genyen, Middlesex Child Abuse Unit [Inite kont Abi sou Timoun lan] devlope yon metòd miltidisciplinè pi delika, ki rekonèt nesosite pou redui chaj emosyonèl moun ki gen tèt chaje a deja genyen, san sakrifye kalite travay mediko-legal la.

Avèk Rezo Ankèt sou Vyolans Seksyèl la (SAIN, ki vle di "Sexual Abuse Investigation Network"), epi travay an kolaborasyon avèk Depatman pou Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families), avèk lapolis lokal la, epi avèk anplwaye nou yo, nou kapab òganize yon chita ansanm pou tout pwofesyonèl k ap patisipe nan ankèt sou vyolans seksyèl yon timoun di li sibi, pou fè yon sèl entèvyou anrejistre avèk yon espesyalis ki resevwa fòmasyon pou entèvyou ak timoun. Apre sa, entèvyou timoun lan kapab sèvi pou ankèt oswa pou prezante devan tribinal. Anpil fwa, se entèvyou sa a ki sèl fwa timoun lan oblije rakonte yon etranje tout detay sou malè ki te rive l, pou ankèt la.

Tiliv enfòmasyon sa a ekri yon jan pou pèmèt ou voye je sou pwosedi SAIN lan, nan koumansman yon eksperyans difisil pou pitit ou ak pou fanmi w. Epi tou, ou pa bezwen jennen pou w kontakte konseye pou temwen viktim yo mete pou travay sou ka w la, si w gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm.

Rezo Ankèt sou Vyolans Seksyèl

Pou garanti sekirite ak pwoteksyon timoun yo, lalwa egzijè pou Depatman pou Timoun ak Fanmi an (DCF) fè yon ankèt lè gen rapò sou yon moun k ap okipe yon timoun epi yo sispèk li fè zak vyolans sou timoun lan. Rezo Ankèt sou Vyolans Seksyèl la (SAIN) se yon aktivite tèt ansanm ant Middlesex District Attorney's Office ak DCF pou kowòdone sèvis pou ou ak fanmi w, pandan y ap mennen ankèt sou deklarasyon pitit ou fè ki di li sibi vyolans seksyèl. Objektif prensipal Ekip SAIN an, se redui kantite fwa pitit ou a genyen pou l patisipe nan entèvyou avèk plizyè kalite pwofesyonèl. Ekip la kowòdone sèvis tou pou pitit ou a ak moun nan fanmi an ki pa patisipe nan vyolans lan pi vit li kapab. Yo fè menm kalite travay ann ekip la, nan ankèt sou deklarasyon vyolans fizik.

ENTÈVYOU SAIN AN KESYON YO KONN MANDE SOUVAN

Kisa ki pase pandan entèvyou a?

Yo pral fè entèvyou a ak pitit ou nan yon sal prive, kote yo fè pou mete timoun alèz. Se yon sèl manm ekip la, espesyalis pou entèvyou timoun lan, ki pral mande pitit ou a kesyon. Lòt manm ekip la pral rete nan yon sal sou kote pou obsève entèvyou a, nan yon miwa transparan. Moun k ap mennen entèvyou a pral pale avèk ou menm ak pitit ou a anvan entèvyou a. Li pral mande w pèmisyon pou pale avèk pitit ou a sou sa ki te pase a. Apre sa, li pral mande w tann pandan entèvyou avèk pitit ou a.

Ki avantaj ki genyen, lè se Ekip la ki fè entèvyou avèk pitit mwen an?

DCF se ajans ki responsab pou resevwa tout rapò ki fè yo sispèk neglijan ak vyolans kont yon timoun. Gen dosye DCF genyen pou l voye bay Komisè Gouvènman an ak lapolis, pou si yo bezwen fè ankèt. Si moun yo sispèk ki koupab la se yon moun k ap okipe timoun lan, DCF gen pou l fè yon ankèt tou. Nan yon ka konsa, y ap reyini yon Ekip TEAM, pou tout ajans k ap patisipe yo kapab mennen ankèt la ansanm epi pou kowòdone yon sèl entèvyou ak pitit ou a. Si yo pa òganize yon reyinyon avèk Ekip SAIN an, tout pwofesyonèl yo kapab bezwen fè entèvyou separeman avèk pitit ou a. Si yo òganize yon reyinyon avèk Ekip la, yo pral kapab kowòdone sèvis yo pi byen pou fanmi w, epi ou pral gen yon chans pou w pale ak pwofesyonèl chak ajans k ap patisipe nan ka pitit ou a, epi pou w mande nenpòt kesyon ou vle.

Èske se sèl fwa pitit mwen an pral genyen pou l pale sou vyolans li sibi a?

Li enpòtan pou w konprann lè pitit ou a patisipe nan pwogram sa a, sa pa vle di li pa pral janm genyen pou l pale ankò sou vyolans li sibi a. Asistan Komisè Gouvènman an ak konseye pou temwen viktim lan pral fè w konnen si Komisè Gouvènman an deside mennen dosye a devan tribinal, epi y ap fè w konnen kouman pitit ou a pral patisipe nan aktivite tribinal la. Epi tou, yon timoun kapab genyen pou l pale sou sa ki rive li a nan terapi, kòm yon mwayen pou l geri emosyon l.

Èske gen anyen mwen dwe fè pou pare pitit mwen an pou entèvyou a?

Yon timoun konn sanble li pi alèz lè yo di l davans kisa ki pral rive. Li enpòtan pou fè pitit ou a konnen li pral pale ak yon pwofesyonèl sou sa ki rive li a. Ou mèt fè pitit ou a konnen moun ki pral poze l kesyon yo se travay li sa ye, pou l pale ak timoun, pou wè si yo an sekirite. Ou pa dwe di pitit ou a kisa pou l di, men di l sèlman pou l pale laverite. Gen timoun ki ka bezwen ou fè yo konnen pa gen anyen yo repwoche yo, kidonk se pa paske yo fè yon bagay mal ki fè yo pral nan chita pale sa a. Anvan chita pale a, moun k ap mennen entèvyou a pral pran yon ti tan pou esplikè pitit ou a pwosedi a, ak pou reponn kesyon timoun lan ka genyen.

Èske mwen ka rete avèk pitit men an pandan entèvyou a?

Li enpòtan pou moun k ap mennen entèvyou a pale ak pitit ou a poukont li. Anjeneral, se yon bagay difisil pou yon timoun pale sou vyolans seksyèl, epi si papa oswa manman an la, sa kapab distè timoun lan, oswa fè l jennen pou pale pandan entèvyou a. Timoun lan kapab vle kite papa oswa manman l reponn kesyon yo pou li. Li pi bon si timoun lan kapab bay enfòmasyon yo nan jan pa l.

Èske mwen ka asiste entèvyou a avèk Ekip la?

Manm ekip la bezwen tout atansyon yo pou gade, evalye, ak pran nòt sou entèvyou a, ki kapab yon pati nan yon ankèt kriminel. Yo kapab bezwen rele w kòm temwen tou nan jijman ki pral fèt apre, kidonk papa ak manman timoun lan pa dwe avèk Ekip la pandan entèvyou a.

Èske mwen mèt mennen yon zanmi oswa yon moun nan fanmi m nan jou entèvyou a?

Nou ankouraje w mennen yon moun nan fanmi w oswa yon zanmi pou rete kote w pandan pitit ou ap pale ak manm Ekip la.

MANM EKIP SAIN YO

Asistan Komisè Gouvènman:

Komisè Gouvènman an gen responsabite ak otorite pou deside si l dwe pote yon ka devan tribinal nan Middlesex County. Se travay pwokirè yo pou deside si gen ase prèv pou pote yon ka devan yon tribinal penal, apre yo pale ak Ekip SAIN an pou konnen si sa ta nan enterè piti ou a, pou yo ta pote akizasyon kriminèl kont moun ki sispèk la.

Konseye pou Temwen Viktim:

Konseye a se premye nivo kontak ou nan Biwo Komisè Gouvènman an. L ap ba w enfòmasyon sou dwa yon viktim genyen, l ap vin sou kesyon sekirite avèk ou, epi l ap ede w jwenn sipò ou bezwen ak enfòmasyon sou resous yo. Si yo pote ka a devan yon tribinal, l ap esplike w pwosedi tribinal la, l ap fè w genyen dènye nouvèl yo, epi li prale avèk ou nan tribinal la.

Espesyalis nan Entèvyou ak Timoun/ Kowòdonatè Ekip SAIN

Se yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon espesyal pou fè entèvyou mediko-legal avèk timoun ki kapab te viktim vyolans oubyen ki te temwen yon krim grav, si yo wè entèvyou a nesèsè dapre nivo devlopman timoun lan, sante mantal li, ak pwoblèm li genyen kounye a nan lavi. Moun ki fè entèvyou a se moun ki fè kowòdinasyon tou avèk DCF, lapolis, ak biwo Komisè Gouvènman Middlesex District la pou òganize ak fasilite entèvyou Ekip la.

Anketè DCF

Depatman pou Timoun ak Fanmi a (DCF) se ajans leta ki gen responsabite pou pwoteje timoun kont vyolans ak neglijan moun k ap okipe yo, ak pou bay fanmi yo sipò. Pral gen yon anketè asistans sosyal ki travay pou DCF ki pral vin obsève entèvyou SAIN lan, epi mennen yon ankèt pou wè si l dwe sipòte rapò 51A a, epi deside si DCF dwe ouvri yon dosye pou bay fanmi w sipò ak sèvis.

Ajan Lapolis

Lapolis mennen ankèt lè gen yon rapò kont yon zak kriminèl. Pral gen yon ajan lapolis nan vil oubyen vilaj kote yo di zak la fèt la, oswa yon ajan nan Polis Eta Massachusetts la, ki pral genyen pou l chache prèv, pale ak temwen, epi menm ak moun yo sispèk la (yo), epi arete moun lè gen ka pou sa, epi pran dispozisyon pou pwoteje sekirite timoun lan ak fanmi l.

INITE KONT VYOLANS SOU TIMOUN

NAN

BIWO MIDDLESEX

POU PWOTEKSYON FANMI AN

Inite kont Vyolans sou Timoun lan se yon sèvis ki òganize pou timoun; li nan Biwo pou Pwoteksyon Fanmi ki nan biwo Komisè Gouvènman Middlesex la; yo te fonde biwo sa a an 1989 pou pèmèt trete ka vyolans kont timoun yo avèk yon metòd militi-disiplinè ki pwoteje sansibilite timoun. Inite kont Vyolans sou Timoun lan okipe tout ka ki gen vyolans seksyèl ak vyolans fizik grav kont timoun ki poko gen 16 an, ansanm ak ka ki gen eksplwatasyon timoun ki poko gen 18 an. Anplwaye yo se moun ki deside, epi ki renmen travay yo, k ap fè tout sa yo kapab pou ede viktim vyolans kont timoun ak fanmi yo. Chak fwa yon timoun di li sibi vyolans, yo mete yon ekip travay avèk li ak fanmi l. Ekip la genyen ladan l yon avoka ki asistan Komisè Gouvènman an, yon espesyalis nan entèvyou avèk timoun, epi yon konseye pou temwen viktim, ki ede yo nan tout etap jistis penal la.

Inite kont Vyolans sou Timoun lan travay men nan men avèk Sant pou Defann Dwa Timoun (Children's Advocacy Center) nan Middlesex la; li fè tout sa li kapab pou pale pou moun ki pa t ap kapab fè tande vwa yo nan sistèm jistis penal la, ak pou redui twomatis segondè pou timoun ki viktim yo; se konsa li chèche senplifye travay pou okipe ka timoun ki viktim vyolans ak eksplwatasyon yo.

LÒT RESOUS KI GENYEN ANKÒ

MIDDLESEX CHILDREN'S
ADVOCACY CENTER
www.middlesexcac.com

DEPARTMENT OF
CHILDREN AND FAMILIES
www.mass.gov/dcf

METÒD SAIN



POU FÈ ANKÈT SOU VYOLANS SEKSYÈL SOU TIMOUN

GID POU PAPA, MANMAN, AK MOUN KI RESPONSAB TIMOUN

GERRY LEONE KOMISÈ GOUVÈNMAN NAN MIDDLESEX

INITE KONT VYOLANS SOU TIMOUN LAN
15 COMMONWEALTH AVENUE
WOBURN, MA 01801
(781) 897-8400

www.middlesexda.com

Pou fè rapò sou neglijan oswa vyolans sou timoun, rele nimewo
Child-at-Risk Hotline la: 1-800-792-5200